

## Vwa Nou, Politik Nou: Rekòmandasyon Paran ki Imigran

### Rezime analistik

Peyi Etazini mete moun ki san papye sou kote nan fason inonbrab. Li efase vwa ak pèspektiv yo sistematikman nan deba publik epi nan pwosesis elaborasyon politik. Souvan, li eskli yo nan prestasyon federal yo deja merite antanke moun ki peye taks nan peyi a. Li bay menm mesaj sa a konstaman: moun ki san papye poko fin moun selon lalwa Etazini. Anplis, menm fanmi moun sila yo efase epi eskli tou, menm sa ki gen papye yo. Resaman, li eskli jiska 14.4 milyon moun nan fanmi ki gen kèk moun ki gen papye epi kèk moun ki pa gen papye, pou yo pa jwenn anyen nan pwogram federal èd pandan peryòd COVID-19 lan.

Objektif rapò sa a se tandem vwa paran ki imigran, nan fanmi ki gen kèk moun ki gen papye epi kèk moun ki san papye, oswa fanmi kote tout moun san papye, nan kat eta: Kalifoni, Laflorid, Nouyòk, epi Teksas. Atravè ti gwoup diskisyon ("focus groups"), moun ki ekri rapò a chèche tandem byen epi konprann eksperyans ak espètiz paran ki imigran. Chita-tandem nou te fè nan gwoup diskisyon sa yo demonstre ke dividi sa yo gen yon dal richès onivo kapasite yo, menm lè nou rekonèt tout defi yo afwonte pandan y ap nave lavi Ozetazini nan kat domèn: edikasyon, swen sante, ganypen, epi sekirite anfas otorite imigrasyon yo. Moun ki ekri rapò sa a pwopozé yon chapant ki chita sou chita-pale sila yo. Chapant sa a ap sèvi kòm gid pou rekòmandasyon politik ki touche tout sijè nou te pale yo, epi k ap bay konsèy jeneral k ap pèmèt eta yo reponn ak bezwen fanmi imigran pi byen, alò pou pwoteje kapasite pitit imigran. Yon politik etatik ki soutni moun se yon bagay ki nesèsè pou pitit imigran ka viv byen, an sante.

### Rekòmandasyon

#### Edikasyon:

- Eta yo bezwen – epi dwe envesti nan devlopman – yon fòs travay anseyan ki divès onivo kilti, lang, ak ras.
- Fòk eta yo egzije tout pwogram preparasyon anseyan epi obligasyon devlopman pwofesyonèl prepare anseyan pou yo sèvi pitit imigran.
- Fòk eta yo demantle tout baliz k ap anpeche jèn ki san papye yo jwenn edikasyon siperyè.
- Fòk eta yo asire ke tout manm staf lekòl ki konsène, sitou pwofesè lekòl segondè epi konseyè, jwenn devlopman pwofesyonèl epi gen bon jan enfòmasyon k ap pèmèt yo kore etidyan pou yo konprann ki opsyon yo genyen pou edikasyon siperyè, kelkèswa estati imigrasyon yo.
- Eta yo dwe laji aksè pou pèmèt kandida ki kalifye ka jwenn sètifikasyon pwofesyonèl kelkèswa estati imigrasyon li

- Rekòmandasyon pandan peryòd pandemi COVID-19 la: Fòk eta yo mete etidyan ki vilnerab yo, pami yo etidyan k ap aprann lang anglè epi timoun ki sòti nan fanmi imigran, an priyrite. Fòk yo pwoteje finansman ki reponn ak defi patikilye etidyan ki vilnerab sa yo awonte.

#### Swen Sante:

- Eta yo dwe rann swen sante, ki gen ladan li sipò sante mantal, aksesib pou tout grannmoun, kelkèswa estati imigrasyon li.
- Chak eta dwe ofri swen sante pou tout timoun epi fanm ansent ki pa elijib aktyèlman, kelkèswa estati imigrasyon li.
- Eta yo dwe egzije tout moun ki bay swen sante jwenn fòmasyon sou koman fanmi ki san papye, oubyen fanmi ki gen kèk moun ki san papye, kapab jwenn prestasyon swen sante; epi lanse kanpay pou enfòme moun ki ka afekte.
- *Rekòmandasyon pandan peryòd pandemi COVID-19 la:* Eta yo dwe bay yon eklèsisman ke pwogram dijans Medicaid kouvri swen pou kelkèswa maladi oubyen kondisyon ki liye avèk COVID-19.

#### Ganypen:

- Eta yo dwe aji pou asire ke tout pwoteksyon federal pou travayè respekte. Sa konte pwoteje tout ouvriye pou yo pa sibi diskriminasyon nan travay yo, epi pwoteje yo kont patwon ki pa peye yo sa yo dwe yo.
- Fòk eta yo rann disponib lisans kondwi ak kat idantite pou tout moun k ap viv nan eta sa a, kelkèswa estati imigrasyon li.
- Eta yo dwe pwomouwva sèvis finansye elaji pou tout dividi, kelkèswa estati imigrasyon li.
- *Rekòmandasyon pandan peryòd pandemi COVID-19 la:* Eta yo dwe asire ke tout pwogram èd pou pandemi a kouvri tout moun k ap viv anndan eta sa yo, kelkèswa estati imigrasyon yo. Fòk yo asire ke ni imigran ni enstans k ap jere pwogram sa yo konprann kritè elijibilite yo.

#### Sekirite:

- Eta yo dwe entèdi otorite lapolis lokal kolabore avèk otorite imigrasyon
- Eta yo dwe pwoteje konfidansyalite imigran epi asire ke otorite yo pa sèvi avèk enfòmasyon pèsonèl imigran nan yon fason ki kont enterè imigran
- *Rekòmandasyon pandan peryòd pandemi COVID-19 la:* Fòk eta yo sispann voye moun bay otorite imigrasyon yo (ICE)

#### Politik ki chita sou ekite -- Yon chapant k ap pwoteje kapasite imigran nan tout nivo:

- Fasilite lidèchip ak aplikasyon politik ki byen kowòdone epi reprezentatif.
- Mete jistik rasyal an priyrite
- Ankouraje yon atmosfè ki ekitab epi akeyan

Peyi sa a p ap sispann mete sou kote fanmi ki san papye, oubyen fanmi ki gen kèk moun ki san papye, jiskaske yo gen lapawòl nan deba publik. Pitit imigran se yon popilasyon enpòtan nan chak eta; yo reprezante youn nan kat timoun nan lekòl Etazini, epi yo reprezante lavni peyi nou an. Men nou pa ka tann pou tout tan gen tan pou n reponn ak bezwen ijan timoun sa yo. Fòk eta yo pran responsabilite yo. Moun k ap kreye politik onivo eta kapab ede timoun yo gen bon rezulta si yo tandé paran ki imigran epi si yo wete baliz estriktirèl k ap anpeche fanmi sa yo vanse. Si chak timoun boule gra, chak eta pral boule gra, tou.